**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING QARORI**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ QARARÍ**

2024 - yil 29 - yanvar 51-13-0-Q/24 Qoraqalpogʻiston Respublikasi Vazirlar Kengashi

# Qaraqalpaqstan Respublikasında 2024-jılda mámleket múlkinen paydalanıw ushın ijara tóleminiń eń kem stavkaların tastıyıqlaw haqqında

Ózbekstan Respublikasınıń «Ijara haqqında»ǵı Nızamı, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2023-jıl 14-dekabrdegi «Mámleket múlkin ijaraǵa beriw tártibin jáne de jedellestiriw is-ilajları haqqında»ǵı 660-sanlı qararı talapları tiykarında Respublika aymaǵındaǵı bos turǵan imarat-qurılmalardan nátiyjeli paydalanıw, olarǵa bolǵan mútájdi tolıq támiyinlew hámde kútilip atırǵan qárejetler menen kárxana, mákeme hám shólkemlerdiń ijara tóleminen túsetuǵın paydalardı tártipke salıw maqsetinde, «Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi haqqında»ǵı Nızamınıń 20-statyasına tiykarlanıp Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi **qarar etedi**:

1. Ózbekstan Respublikası Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentligi tárepinen usınıs etilgen hámde Ózbekstan Respublikası Ekonomikalıq hám finans ministrligi menen kelisimlerine tiykarlanıp, Qaraqalpaqstan Respublikasında 2024-jılda mámleketlik kóshpes múlkinen paydalanǵanlıǵı ushın 1 kv.metr orınǵa ijara tóleminiń eń kem stavkaları **1-qosımsha**ǵa hámde eń kem stavkalarǵa qollanılatuǵın koefficientler **2-qosımsha**ǵa muwapıq tastıyıqlansın.

2. Ózbekstan Respublikası Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentligi janındaǵı Mámleketlik múlk obyektlerinen nátiyjeli paydalanıw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarmasına **úsh kún múddette** Respublikadaǵı mámleket qaramaǵında bolǵan kóshpes múlk obyektlerin ijaraǵa beriw ústinen aldıńǵı dúzilgen ijara shártnamalarına usı qarar talaplarınan kelip shıǵıp, tiyisli ózgerisler kiritiw wazıypası tapsırılsın.

3. Nókis qalası hám rayonlar hákimliklerine aymaqlarda mámleketlik shólkemler hám máhálleler menen birgelikte balanslarında bolǵan, paydalanılmay

bos turǵan múlklerden nátiyjeli paydalanıw, olardı ijaraǵa beriw ústinen Mámleketlik múlk obyektlerinen nátiyjeli paydalanıw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarmasına turaqlı usınıs hám maǵlıwmatlar kiritip barıw wazıypaları tapsırılsın.

4. Qaraqalpaqstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat hám turizm ministrligi, sonday-aq, mámleket múlkiniń balansta saqlawshı barlıq ministrlikler, mákemeler hám shólkemleri basshılarına **hár bir sherek dawamında** keminde bir márte óziniń qaramaǵında bolǵan mámleket múlkin xatlawdan ótkiziw hám paydalanılmay atırǵan mámleket múlki anıqlanǵan jaǵdayda keyingi aydıń **10-sánesine shekem** Mámleketlik múlk obyektlerinen nátiyjeli paydalanıw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarmasına tiyisli maǵlıwmatlardı usınıp barsın.

5. Kadastr agentliginiń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması (I.Tleuov):

Mámleketlik múlk obyektlerinen nátiyjeli paydalanıw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarmasına,

- **2024-jıldıń 1-fevralına shekem** Respublika aymaǵında mámleketlik múlk obyektleriniń kadastr hújjetlerin elektron tárizde usınsın.

- hár bir sherek juwmaǵı menen keyingi aydıń **5-sánesine shekem** mámleketlik múlk obyektleriniń kadastr hújjetlerine ózgeris (jańalanǵan) kiritilgenligi haqqında hújjetlerdi elektron tárizde usınsın.

6. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti, Qaraqalpaqstan Respublikası Xabar hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarması, Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyası, «Erkin Qaraqalpaqstan» hám «Вести Каракалпакстана» gazetaları redakciyası Mámleketlik múlk obyektlerinen nátiyjeli paydalanıw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarmasınıń usınısları tiykarında respublikadaǵı bos turǵan, ijaraǵa beriletuǵın mámleket qaramaǵındaǵı obyektler dizimin ǵalaba xabar quralları arqalı biypul sáwlelendirip barıw usınıs etilsin.

7. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2023-jıl 18-yanvardaǵı 24-13-0-Q/23-sanlı qararı óz kúshin joytqan dep esaplansın.

8. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti usı

qarardı «Erkin Qaraqalpaqstan» hám «Вести Каракалпакстана» gazetalarında rásmiy járiyalasın hámde Ministrler Keńesiniń rásmiy veb-saytına jaylastırsın, usı qarar rásmiy járiyalanǵan kúnnen baslap kúshke kiredi.

9. Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge jeke juwapker etip Ózbekstan Respublikası Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentligi janındaǵı Mámleketlik múlk obyektlerinen nátiyjeli paydalanıw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarması baslıǵı B.Embergenov belgilep qoyılsın.

10. Usı qarardıń orınlanıwın dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker shólkemlerdiń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń birinshi orınbasarı N.Erlepesovqa júklensin.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken'esi baslıg'ı** **F. Ermanov**

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2024-yil 29-yanvardagi
51-13-0-Q/24-son qaroriga
1-ilova

# Qaraqalpaqstan Respublikasında kóshpes mámleketlik múlklerden paydalanǵanı ushın 2024-jılda 1 kv.metrge qollanılatuǵın ijara tólemleriniń eń kem stavkaları

| Q/s | Ijaraǵa alınǵan maydandı paydalanıw xızmet túri | 2024-jıl 1 kv m. ushın jıllıq eń kem ijara tólemi stavkaları (QQS menen birge) | |
|---|---|---|---|
| | | Nókis qalasında | Rayonlarda |
| **Islep ishıǵarıw** | | | |
| 1. | Janar may sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 2. | Ximiya sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 3. | Neft-ximiya sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 4. | Mashina qurılısı | 13 800 | 9 740 |
| 5. | Esaplaw texnikaların islep shıǵarıw sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 6. | Traktor hám awıl xojalıq mashinaları qurılısı | 11 250 | 8 060 |
| 7. | Jeńil azıq-awqat hám turmıs priborları ushın mashina islep shıǵarıw | 13 800 | 8 060 |
| 8. | Sanitariya-texnikalıq hám gaz úskeneleri hámde buyımların islep shıǵarıw | 13 800 | 9 740 |
| 9. | Metallokonstrukciya hám buyımların islep shıǵarıw sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 10. | Mashina hám úskenelerdi ońlaw | 13 800 | 9 740 |
| 11. | Mashina qurılısınıń basqa tarawları | 13 800 | 9 740 |
| 12. | Ishimlikler islep shıǵarıw | 13 800 | 9 740 |
| 13. | Temeki ónimlerin islep shıǵarıw | 13 800 | 9 740 |
| 14. | Tiykarǵı farmacevtika ónimleri hám preparatların islep shıǵarıw | 13 800 | 9 740 |
| 15. | Rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıw | 43 730 | 31 690 |
| **Qurılıs sanaatı** | | | |
| 16. | Qurılıs, jol hám kommunal injenerlik | 11 250 | 8 060 |
| 17. | Ayna, esikler hám mebel islep shıǵarıw sanaatı (aǵashtan) | 41 640 | 29 790 |
| 18. | Ayna, esikler hám mebel islep shıǵarıw (plastik alyumin hám MDFtan) | 73 080 | 41 770 |

| Q/s | Ijaraǵa alınǵan maydandı paydalanıw xızmet túri | 2024-jıl 1 kv m. ushın jıllıq eń kem ijara tólemi stavkaları (QQS menen birge) | |
|---|---|---|---|
| | | Nókis qalasında | Rayonlarda |
| 19. | Joybarlaw, joybarlaw-izertlew shólkemleri | 13 800 | 9 740 |
| 20. | Shlakablok islep shıǵarıw | 13 450 | 9 740 |
| 21. | Polietilen ónimlerin islep shıǵarıw | 43 730 | 31 690 |
| 22. | Basqa qurılıs ónimlerin islep shıǵarıw | 30 970 | 22 450 |
| **Toǵay, aǵashtı qayta islep shıǵarıw hám cellyuloza-qaǵaz sanaatı** | | | |
| 23. | Aǵash ónimlerin tayarlaw sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 24. | Aǵashtı qayta islew sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 25. | Cellyuloza-qaǵaz sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| **Jeńil sanaat** | | | |
| 26. | Toqımashılıq sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 27. | Tigiwshilik sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 28. | Teri, jún hám ayaq kiyim sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 29. | Jeńil sanaattıń basqa túrleri | 13 800 | 9 740 |
| **Azıq-awqat sanaatı** | | | |
| 30. | Azıq-awqat sanaatı (balıq, gósh, may-sır hám sút sanaatınan basqa) | 13 800 | 9 740 |
| 31. | Gósh hám sút sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 32. | Sút ónimleri sanaatı | 27 020 | 19 480 |
| 33. | Balıq sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 34. | Un-jarma sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 35. | Kombikorm (aralas azıq) islep shıǵarıw sanaatı | 11 250 | 8 060 |
| 36. | Konditer ónimlerin islep shıǵarıw | 13 800 | 9 740 |
| 37. | Azıq-awqat, sanaattıń basqa túrleri | 13 800 | 9 740 |
| **Sanaattıń basqa túrleri** | | | |
| 38. | Medicina sanaatı | 13 800 | 9 740 |
| 39. | Baspa sanaatı | 33 870 | 28 000 |
| 40. | Kiyim-kenshek hám gezlemeden tayarlanǵan buyımlardı ximiyalıq tazalaw, boyaw juwıw hám olarǵa islew beriw | 16 930 | 11 870 |
| **Awıl xojalıǵı** | | | |
| 41. | Ósimlikler ósiriw 1 gektar jer maydanı ushın | 5 565 680 | 3 986 190 |
| 42. | Teplica xojalıǵı | 10 440 | 8 960 |
| 43. | Sharwashılıq hám qus ósiriw | 6 610 | 4 810 |
| 44. | Balıqshılıq (sonıń ishinde jasalma maydan) 1 gektar ushın | 5 565 680 | 3 986 190 |

| Q/s | Ijaraǵa alınǵan maydandı paydalanıw xızmet túri | 2024-jıl 1 kv m. ushın jıllıq eń kem ijara tólemi stavkaları (QQS menen birge) | |
|---|---|---|---|
| | | Nókis qalasında | Rayonlarda |
| 45. | Pal hárreshilik 1 gektar jer maydan ushın | 3 618 040 | 2 591 230 |
| 46. | Veterinariya xızmetleri | 13 800 | 9 740 |
| 47. | Awıl xojalıǵına xızmet kórsetiwshi basqa kárxanalar | 13 800 | 9 740 |
| 48. | Toǵay xojalıǵı (sonıń ishinde baǵ) 1 gektar jer maydan ushın | 5 565 680 | 3 986 190 |
| **Transport hám baylanıs** | | | |
| 49. | Transport infraduzilmeleri (avtobus parki, taksi parki avtomobil toqtaw ornı garajlar hám avtomobil juwıw orınları) | 13 800 | 9 740 |
| 50. | Transport infradúzilmesi (járiyma maydanshaları) | 3 480 | 2 680 |
| 51. | Avtomobil juwıw orınları | 44 660 | 28 110 |
| 52. | Avtomobillerge janar may quyıw shaqapshası (benzin dizel) | 44 660 | 36 280 |
| 53. | Avtomobillerge janar may quyıw shaqapshası (gaz quyıw shaqapshaları) | 54 280 | 39 310 |
| 54. | Elektromobillerdi quwatlaw shaqapshaları | 23 660 | 17 136 |
| 55. | Xalıqtıń talabı boyınsha júklerdi tasıw hám basqa transport xızmetin kórsetiw | 25 080 | 18 140 |
| 56. | Pochta baylanısı | 13 800 | 9 744 |
| 57. | Kurer xızmeti | 27 840 | 19 820 |
| 58. | Elektro-ótkiziwshi baylanıs | 27 840 | 19 820 |
| 59. | Radio uyalı baylanıs hám peydjer baylanısları (imaratlardı esapqa alǵan halda aymaq átirapında) | 116 920 | 83 770 |
| **Sawda hám ulıwma awqatlanıw** | | | |
| 60. | Kótere sawda | 38 970 | 28 000 |
| 61. | Ónimlerdi (xızmetlerdi) bóleklep sawda jumısların ámelge asırıw, kótere sawda bazarlarındaǵı sawda dúkanları | 100 100 | 71 560 |
| 62. | Usaqlap satıw | 38 970 | 28 000 |
| 63. | Ulıwma awqatlanıw | 38 970 | 28 000 |
| 64. | Mádeniy miyras imaratları hám qurılmaları obyektlerindegi sawda xızmeti | 38 970 | 28 000 |
| 65. | Mádeniy miyras imaratları hám obyektlerindegi ulıwma awqatlanıw | 100 100 | 71 560 |

| Q/s | Ijaraǵa alınǵan maydandı paydalanıw xızmet túri | 2024-jıl 1 kv m. ushın jıllıq eń kem ijara tólemi stavkaları (QQS menen birge) | |
|---|---|---|---|
| | | Nókis qalasında | Rayonlarda |
| 66. | Suw háwizleri (suw ambarları) hámde dárya boylarında balıq ónimleri sonıń ishinde balıq taǵamları sawdası hám ulıwma awqatlanıwdı shólkemlestiriw* | 38 970 | 28 000 |
| 67. | Yarım tayar ónimlerin tayarlaw hám satıw (fast fud) | 61 010 | 43 790 |
| 68. | Kitap dúkanları | 53 470 | 38 300 |
| 69. | Lombardlar | 38 970 | 28 000 |
| **Xızmet kórsetiw** | | | |
| 70. | Materiallıq xojalıq maqsetlerdegi hámde xojalıq buyımların ijaraǵa beriw orınları | 38 970 | 28 000 |
| 71. | Internet hám kompyuter tarmaqları arqalı xızmet kórsetiw (nusqa kóshiriw xızmeti) | 38 970 | 28 000 |
| 72. | Kompyuter oyınların shólkemlestiriw | 58 460 | 42 000 |
| 73. | Kóshpes múlkler boyınsha operaciyalar | 38 970 | 28 000 |
| 74. | Reklama kórgizbeler xızmetleri | 38 970 | 28 000 |
| 75. | Geologiyalıq hám jer astı baylıqların izlew, geodeziyalıq hám gidrometeorologiyalıq xızmet | 69 600 | 49 616 |
| 76. | Miymanxana | 44 540 | 31 800 |
| 77. | Ulıwma jasaw orınları | 34 680 | 24 300 |
| 78. | Xalıqqa islep shıǵarıwǵa tiyisli emes bolǵan turmıs xızmetin kórsetiw | 22 410 | 15 970 |
| 79. | Shashtárezxana, fotosalon, modalar atelesi, ayaq kiyim ustaxanası | 33 520 | 24 300 |
| 80. | Monsha | 67 040 | 47 930 |
| 81. | Sauna hám basseynler | 133 630 | 95 760 |
| 82. | Paxta (aldın paydalanıwda bolǵan) hám jún tazalaw hámde tigiw xızmetleri | 22 380 | 15 900 |
| **Densawlıqtı saqlaw, dene tárbiya hám sociallıq támiynat** | | | |
| 83. | Densawlıqtı saqlaw | 27 840 | 19 820 |
| 84. | Medicinalıq diagnostika xızmeti (sonın' ishinde laboratoriyalar) | 51 270 | 37 180 |
| 85. | Turizm hám dem alıw | 27 840 | 19 820 |
| 86. | Fitobar | 19 250 | 13 770 |
| 87. | Mádeniy kewilashar oraylar (bilyard oyın avtomatları diskoteka hám basqalar) | 44 540 | 31 800 |

| Q/s | Ijaraǵa alınǵan maydandı paydalanıw xızmet túri | 2024-jıl 1 kv m. ushın jıllıq eń kem ijara tólemi stavkaları (QQS menen birge) | |
|---|---|---|---|
| | | Nókis qalasında | Rayonlarda |
| 88. | Suw boyında plyaj zonaların shólkemlestiriw* | 27 840 | 19 820 |
| 89. | Balıq awlaw orınları* | 27 840 | 19 820 |
| 90. | Qayıqta júziw hám suw sayaxatı boyınsha basqa xızmetler kórsetiw* | 27 840 | 19 820 |
| 91. | Suw háwizleri (suw ambarları) hámde dárya boylarında turizm xızmetleri* | 27 840 | 19 820 |
| 92. | Dene tárbiya hám sport | 13 800 | 9 740 |
| 93. | Dárixanalar | 22 380 | 15 900 |
| 94. | Optika hám medicina úskenelerin satıw dúkanları | 46 860 | 25 200 |
| 95. | Social-dárixanalıq shólkemler | 19 830 | 12 880 |
| **Bilimlendiriw** | | | |
| 96. | Joqarı hám orta arnawlı bilimge iye kadrlardı tayarlaw (sonıń ishinde oqıw kursları) | 22 410 | 15 900 |
| 97. | Oqıw kursların shólkemlestiriw | 45 930 | 33 260 |
| 98. | Jumısshılardıń hám basqa qánigelerdiń tájiriybesin asırıw | 17 470 | 13 000 |
| 99. | Ulıwma bilim beriwshi balalar mektepleri (mámleketlik emes shólkemler ushın) | 11 250 | 8 110 |
| 100. | Joqarı hám orta arnawlı bilim beriw orınlarında ulıwma awqatlanıw | 27 140 | 19 600 |
| 101. | Uliwma orta bilim beriw mekteplerinde ulıwma awqatlanıw | 13 800 | 9 740 |
| 102. | Oqıwǵa shekemgi tárbiya shólkemleri (mámleketlik emes shólkemler ushın) | 9 860 | 7 390 |
| 103. | Mádeniyat hám kórkem óner | 38 970 | 28 000 |
| 104. | Kórgizbeler | 30 040 | 22 510 |
| 105. | Mádeniy park hám dem alıw baǵları | 27 840 | 19 820 |
| 106. | Botanika baǵlari hám zoopark | 27 840 | 19 820 |
| 107. | Televidenyieler hám radioesittiriw redakciyaları | 27 840 | 19 820 |
| 108. | Kinostudiyalar, ses jazıw studiyaları | 44 540 | 31 810 |
| 109. | Ilim hám ilimiy xızmet kórsetiw | 16 930 | 11 870 |
| 110. | Avtomektepler | 24 700 | 14 110 |
| **Finans-kredit xızmeti** | | | |

| **Q/s** | **Ijaraǵa alınǵan maydandı paydalanıw xızmet túri** | **2024-jıl 1 kv m. ushın jıllıq eń kem ijara tólemi stavkaları (QQS menen birge)** | |
|---|---|---|---|
| | | **Nókis qalasında** | **Rayonlarda** |
| 111. | Finans kredit pensiya támiynatı (qamsızlandırıw hám auditor xızmetinen tısqarı) | 38 970 | 28 000 |
| 112. | Auditorlıq xızmeti | 38 970 | 26 200 |
| 113. | Marketing tájiriybeleri biznes finans hám basqarıw isleri boyınsha másláhátxanalar | 38 970 | 28 000 |
| 114. | Bank xızmeti | 38 970 | 28 000 |
| **Basqa xızmet túrleri** | | | |
| 115. | Qamsızlandırıw hám notarial xızmetler | 38 970 | 28 000 |
| 116. | Sud hám yuridikalıq xızmetler | 33 520 | 24 300 |
| 117. | Advokatlar kollegiyaları hám yuridikalıq konsultaciyalar | 33 520 | 24 300 |
| 118. | Jámiyetlik shólkemler | 11 250 | 7 840 |
| 119. | Qoymaxanalar (sklad) | 38 970 | 28 000 |
| 120. | Mámleketlik shólkemler ushın ofisler | 16 930 | 11 870 |
| 121. | Jeke menshik shólkemler ushın ofis | 61 010 | 43 790 |
| 122. | Arxiv xızmetleri | 16 930 | 9 960 |
| 123. | Baspaxana hám redakciya jumısları | 22 380 | 15 900 |
| 124. | Metallom hám ekilemshi qaǵaz ónimlerin jıynaw orınları | 22 380 | 15 900 |
| 125. | Turaq jay kommunal xojalıǵı | 22 380 | 15 900 |
| 126. | Jeńil avtomobil hám basqa transport qurallarına texnikalıq xızmet kórsetiw hám ońlaw | 44 540 | 31 800 |
| 127. | Vulkanizaciya, kepserlew, temirshi, ustashılıq jumıslarınıń barlıq túrleri | 33 870 | 24 520 |
| 128. | Laboratoriyalar | 27 840 | 19 820 |
| 129. | Hár túrli xızmetlerge tólemler (paynet) | 111 820 | 79 960 |
| 130. | Ónermentshilik túrleri boyınsha (estelik komplekslerin soǵıw, mıskerlik, naǵıs oyıwshılıq, súwretshilik, taqıya, malaqay, shógirme, shapan hám t.b) | 32 940 | 23 850 |
| 131. | Avia kassa (sonıń ishinde temirjol avtotransport hám t.b.) | 61 010 | 43 790 |
| 132. | Bankomat | 557 720 | 399 390 |
| 133. | Nan hám nan ónimlerin islep shıǵarıw | 38 970 | 24 300 |

***Túsindirme:*** *Mámleket múlkin ijaraǵa beriwde jeńillikler hám preferenciyalar qollanıwı nızamshılıqta belgilengen tártiplerde ámelge asırılıwı múmkin.*

** Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 02.09.2023-jıldaǵı "Mámleketke tiyisli suw háwizlerin isbilermenlik subyektlerine "E-auksion" elektron sawda platforması arqalı ijaraǵa beriw tártibi haqqındaǵı qaǵıydanı tastıyıqlaw haqqında"ǵı 441-san qararına tiykarlanıp qosılǵan iskerlik túrleri.*

Qoraqalpog’iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2024-yil 29-yanvardagi
51-13-0-Q/24-son qaroriga
2-ilova

**Mámleketlik kóshpes múlkinen paydalangʻanlıq ushın ijara tóleminiń eń kem stavkalarına qollanılatugʻın**

## KOEFFITCIENTLER

Ijara tólemlerin esaplaw hám ósiwshi koeffitcientler tómendegi formulagʻa muwapıq yesaplanadı:

Qs = Ms x Kz x (Ks + Kt +Ku)

Qs – ijara tóleminiń 1 jılgʻa 1 m.kv. ushın tayanısh stavkası

Ms – ijara tóleminiń 1 jılgʻa 1 m.kv. ushın eń kem stavkası

Kz – aymaqlıq zonaların esapqa alıw koeffitcienti

Ks – qurılıs túrine qarap koeffitcient (bólek jaylasqan Imárat, Imáratqa qosıp qurılgʻan, Imárattıń tóbesi, cherdak, yarım jer tóle, jer tóle)

Kt – qońsılas aymaqtan paydalanıw koeffitcienti

Ku – kommersiyalıq maqsetlerde paydalanıw qolaylıqları (bas avtotransport jolınıń boyında jaylasqan, yekinshi dárejeli jol boyında jaylasqan hám t.b.) koeffitcienti.

Stavka Ms 2024-jıl ushın Ózbekstan Respublikası Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentliginiń 2023-jıl 31-dekabrdegi 01/25-18/1119-sanlı usınısı, Ózbekstan Respublikası Ekonomika hám finans ministrliginiń 2023-jıl 31-dekabrdegi 25/4-2-sanlı kelisimi hámde «Mámleketlik kóshpes múlklerden paydalanıwda ijara tólemlerdiń eń kem stavkası bazasınan alındı.

**Aymaqlıq zonalardı esapqa alıw koeffitcienti:**

| **Q/s** | **Aymaqlıq zonalar** | **Ósiwshi Koeffitsient** |
|---|---|---|
| **1** | **2-taypa** | |
| 1.1 | Nókis qalası<br>Qońırat rayonı | 2,5 |
| **2.** | **3-taypa** | |

| Q/s | Aymaqlıq zonalar | Ósiwshi Koeffitsient |
|---|---|---|
| 2.1 | Beruniy rayonı<br>Qaraózek rayonı<br>Taqıyatas rayonı<br>Tórtkúl rayonı<br>Xojeli rayonı<br>Shımbay rayonı<br>Ellikqala rayonı | 2,0 |
| **3.** | **4-taypa** | |
| 3.1 | Ámiwdárya rayonı<br>Nókis rayonı | 1,8 |
| **4** | **5-taypa** | |
| 4.1 | Bozataw rayonı<br>Kegeyli rayonı<br>Qanlıkól rayonı<br>Taxtakópir rayonı<br>Moynaq rayonı<br>Shomanay rayonı | 1,5 |

| **Obyekttiń jaylasqan ornı hám túrleri boyınsha** | **Qollanılatug‘ın koeffitsientler** | | |
|---|---|---|---|
| | **Nókis qalası** | **Rayon orayları** | **Rayon oraylarınan basqa aymaqlar (awıl)** |
| Uyalı baylanıs qurılmaları ushın (Kz) | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| Uyalı baylanıs antennaları iyelgen texnik maydanshalar ushın | 2,0 | | |

**Obyekttiń qurılıs túri boyınsha koeffitcient – (Ks)**

| | | | |
|---|---|---|---|
| - Bólek jaylasqan imaratlar boyınsha | 2,0 | 2,0 | 1,5 |
| - imarat ishinde yamasa qosıp qurılg‘an imarat boyınsha | 1,5 | 1,5 | 1,5 |
| - yarım tóle hám jer tóle xanaları, cherdak, podval xanaları boyınsha | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| - imarattıń joqarg‘ı tárepindegi qurılmalar boyınsha | 1,2 | 1,2 | 1,2 |

**Qońsılas aymaqtag‘ı jer maydanınan - koeffitcient Kt**

| | |
|---|---|
| Texnik maydan, diyxanshılıq maqsetinde paydalanatug‘ın - koeffitcient Kt | 2,0 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Aywan (koridor) | 0,3 | 0,2 | 0,2 |

**Kommersiyalıq maqsetlerde paydalanıwda qolaylılıq - koeffitcient Ku.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| - avtotransport jolları, oraylıq kósheler boylap (xalıqtıń kóp hám kóp júretug‘ın aymaqlar) | 1,2 | 1,1 | 1,0 |
| - ekinshi dárejeli avtotransport jolları (máhálleler hám ishki kósheler, xalıq punktleriniń shetki aymaqları hám kósheler boylap) | 1,0 | 0,9 | 0,8 |
| - imaratlardıń joqarg‘ı bólimindegi uyalı baylanıs antennaları ornatılg‘an qurılmalar ushın | 1,2 | 1,2 | 1,2 |